



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISTRIBISYON 5.7 MILYON DOLA NAN SOULAJMAN FEDERAL COVID-19 BAY ENDISTRI LAPÈCH MARITIM NEW YORK

Rekonpans lan bay paman dirèk pou endistri lapèch komèsyal maritim ak pou lokasyon ke pèt biznis ki gen rapò ak pandemi an te afekte

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 5.7 milyon dola nan èd federal ke Lwa sou Kredi Konsolide a ap distribiye jodi a bay endistri fwidmè, komèsyal maritim ak lapèch pou lokasyon. Finansman sa ajoute sou 7.4 milyon dola Lwa sou Èd, Soulajman ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security, CARES) bay la, pou yon total 13.1 milyon dola èd pou endistri lapèch maritim New York, apre pèt eksepsif biznis yo an 2020 ak 2021 akòz pandemi COVID-19 la.

"Pandemi COVID-19 la te deranje anpil endistri touris, alimantè ak lwazi yo pandan de dènye ane sa yo, epi endistri lapèch maritim New York la pa te pwoteje kont sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Endistri lapèch yo se faktè ekonomik enpòtan nan anpil kominote atravè Eta New York, epi finansman yo bay jodi a esansyèl pou ede kenbe travay epi asire pwosperite endistri sa a alavni pou jenerasyon k ap vini yo".

"Anpil biznis lapèch maritim te gen difikilte pandan pandemi COVID la paske travayè yo te vin difisil pou anboche oswa kenbe epi modèl biznis la te chanje pou vin yon modèl ki pi dirèkteman baze sou konsomatè pase yon modèl ki baze sou restoran", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Kredi federal siplemantè sa pou endistri lapèch maritim nan pral bay soulajman ki pi nesèsè odela finansman kowonaviris yo te bay anvan an epi ede sove endistri fwidmè, komèsyal maritim ak lapèch pou lokasyon New York la".

[Pwogram Soulajman pou Lapèch Maritim \(Marine Fisheries Relief Program\)](#) Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a administre èd federal pou ede endistri lapèch maritim New York la epi bay sipò ki enpòtan pou rekiperasyon ekonomik apre COVID-19 la. Kandida yo ki kalifye nan Eta New York ki soti nan biznis distribisyon fwidmè, lapèch komèsyal ak rekreyatif maritim atravè lokasyon te resevwa soulajman sou baz pèt ekonomik yo te rapòte nan ane 2020 ak 2021 pa rapò ak senk ane anvan yo.

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Nou angaje pou nou sipòte lapèch maritim ak endistri fwidmè yo pandan y ap reponn

ak difikilte ke pandemi COVID-19 la te ogmante. Èd Gouvènè Hochul te anonse a epi lidè federal nou yo garanti a esansyèl pou endistri sa yo rekonstwi, men nou dwe kontinye sipòte ak ranfòse enterè lapèch maritim nou yo ki bay opòtinite lwazi ki gen anpil valè ak fwidmè fre ak lokal yo".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Sa se yon gwo ratrapaj pou endistri lapèch New York la. Mwen fyè paske mwen te garanti 5.7 milyon dola soulajman federal sa pou biznis nan Gran Lak yo rive nan Detwa Long Island lan. Endistri lapèch New York la toujou anba chòk enpak pandemi COVID-19 la epi asistans ki devwe sa ap ede youn nan endistri eritaj ki pi ansyen nou yo soti nan dlo twouble yo epi mete vwal pou rekiperasyon ak vè yon avni ki meyè".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Lapèch New York yo se yon pati nesèsè nan byennèt ekonomik eta a, epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a pou repati 5.7 milyon dola nan finansman federal ki garanti nan Kongrè a atravè bidjè federal 2022 a pou ede nan soulajman ak rekiperasyon kontinyèl lapèch New York apre enpak pandemi an. Finansman sa a ki nesèsè anpil pral ede ranfòse travay ak sekirite pou moun ak fanmi ki gen mwayen pou viv yo ki mare ak endistri lapèch nan eta nou an".

Se Administrasyon Oseyanik ak Atmosferik Nasyonal Lapèch (National Oceanic and Atmospheric Administration Fisheries, NOAA Fisheries) ki te detèmine repatisyon eta a sou baz revni anyèl mwayen total ki soti nan biznis ki gen rapò ak lapèch nan New York. DEC te travay an kolaborasyon avèk NOAA Fisheries ak Komisyon sou Endistri Lapèch Maritim Eta ki sou Zòn Oseyan Atlantik yo (Atlantic States Marine Fisheries Commission, ASMFC) ki etabli kad pou detèmine elijibilite ak distribiye finansman sa. Benefisyè rekonpans yo pral resevwa yon lèt ki gen ladan yon chèk atravè kourye nan adrès ki sou aplikasyon yo a.

DEC te resevwa 204 aplikasyon pandan peryòd aplikasyon an ant 1 desanm 2021 rive 14 janvyè 2022. Rekonpans yo pral distribiye bay 194 aplikan ki satisfè egzijans eta ak federal yo, ki gen ladan demonstrasyon plis pase yon pèt 35 pousan nan revni pandan peryòd ki elijib yo. Pou aplikan sa yo ki gen aplikasyon yo ke yo rejte, DEC ap bay yon opòtinite pou yo konteste epi te rezève èd pou sila yo ke yo jije ki elijib.

Rekonpans yo distribiye jodi a varye ant 400 a 100,000 dola - kote plis pase mwaye aplikan elijib yo ap resevwa plis pase 17,500 dola. Montan rekonpans yo te baze sou pèt aplikan yo deklare epi yo te resevwa yon rekonpans ki nan jiska 40 pousan pèt yo deklare yo. Plis pase mwaye aplikasyon nou te resevwa te soti kote pechè komèsyal yo ki te sibi pèt jiska plizyè santèn milye dola. Biznis ekspedisyon fwidmè yo ak endistri akwakilti a te reprezante yon pòsyon ki pi piti nan aplikasyon yo, men pèt yo a te depase plizyè milyon dola. Endistri lapèch pou lokasyon New York la te sibi gwo pèt ekonomik ki soti nan plizyè milye rive nan plizyè santèn milye dola. Gen kèk benefisyè prim ki ka sijè ak yon odit federal. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Sekou Lapèch Maritim lan, vizite [sit entènèt DEC la](#).

DEC te etabli yon gwoup konsiltatif reprezantan endistri a pou bay opinyon ak fè revizyon esansyèl pandan y ap devlope estrikti pou distribisyon rekonpans lan. Gwoup konsiltatif la te ede nan devlopman pwogram konplè sa a pou asire endistri fwidmè ak lapèch divèsifye New York la resevwa sipò finansye ki san patipri ak ekitab. Manm yo nan gwoup konsiltatif la se:

- Robert Danielson, Manm Konsèy Konsiltatif Resous Maritim ak Pati Enterese nan Lapèch Rekreyatif;
- Melissa Dearborn, Manm Konsèy Konsiltatif Resous Maritim ak Reprezantan Endistri Komès Maritim;
- Neil Delanoy, Reprezantan Endistri Lapèch pou Lokasyon;
- Anthony DiLernia, Reprezantan New York pou Konsèy Jesyon Lapèch Mid-Atlantic (Mid-Atlantic Fishery Management Council) ak Reprezantan Endistri Lapèch Lokasyon;
- Daniel Farnham, Jr., Reprezantan Endistri Lapèch Komèsyal;
- Emerson Hasbrouck, Ekstansyon Koperativ Cornell (Cornell Cooperative Extension) Konte Suffolk;
- Thomas Jordan, Manm Konsèy Konsiltatif Resous Maritim ak Reprezantan Endistri Lapèch Komèsyal;
- Paul McCormick, Reprezantan Endistri Akwakilti;
- Christopher Quartuccio, Reprezantan Endistri Akwakilti;
- Gregg Rivera, Ekstansyon Koperativ Cornell Konte Suffolk; epi
- August Ruckdeschel, Depatman Devlopman Ekonomik ak Planifikasyon Konte Suffolk.

Eta New York ap fè anpil efò pou fè pwomosyon lapèch rekreyatif, restore ekosistèm marin lan, ranfòse ekonomi Long Island lan epi konbat chanjman klimatik la. Sa enkli ekspansyon Pwogram Resif Atifisyèl New York la (Artificial Reef Program), pi gwo pwogram ewolyen nan zòn kot yo an peyi a, investiman rekò nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Fund) ak nan enfrasstrikti dlo pwòp, yon entèdiksyon sou foraj nan zòn kot yo, ak pwogrè kontinyèl nan Inisyativ Restorasyon Kristase nan Long Island (Long Island Shellfish Restoration) lan.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)